



Pou Piblikasyon Imedya: 09/12/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LEJISLASYON POU RETRASE EPI RAPÒTE DONE
SOU SWISID ANSYEN MILITÈ YO POU EDE KREYE PI BON ESTRATEJI
PREVANSYON**

Lejislasyon (S.02036/A.03237) tabli yon lòt metòd pou retrase swisid ansyen militè yo pou konpile done ki pi egzak

Gouvènè Kathy Hochul te siyen lejislasyon (S.02036/A.03237) an lwa pou tabli yon lòt metòd pou retrase swisid ansyen militè yo pou konpile done ki pi egzak konsènan swisid sa yo pou pi bon estrateji prevansyon.

"Ansyen militè yo riske lavi yo pou kenbe nou an sekirite, men twòp nan yo -- tankou tonton m yo ki te sèvi nan Vyetnam -- pa t resevwa akèy lakay yo ke yo menm ak plizyè milye lòt ansyen militè merite," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lejislasyon sa ap asire ke New York gen done ki egzak pou ede nou pran swen ewo sa yo, k ap pèmèt nou travay sou estrateji prevansyon pou entèvansyon bonè epi ede tout moun ki te sèvi an inifòm yo."

Nouvo lwa a ajoute yon nouvo sou-divizyon pou dirije yon departman lejis, medsen lejis oswa egzaminatè medikal pou depoze yon rapò bay Divizyon Sèvis Ansyen Militè a (Division of Veterans Services) apre nenpòt lanmò ki parèt tankou yon swisid pa yon moun yo kwè ki yon ansyen militè. Rapò sa dwe fèt nan konsiltasyon ak DOH epi enkli kantite ansyen militè ki mouri pa swisid, tandans ansyen swisid ansyen militè yo nan 5 dènye ane yo, ak yon konparezon pousantaj swisid ansyen militè yo pa konte, nan tout eta a, ak sou plan nasyonal. Premye rapò a ap dwe fèt an jwen 2024 epi lòt rapò yo ap dwe fèt chak 3 zan.

Dapre rapò anyèl sou swisid Pentagon nan, swisid militè ki an fonksyon te atenn yon rekò an 2018, ki monte a 13 pousan. An novanm 2017, yo te kreye Fòs Entèvansyon pou Prevansyon Swisid Eta New York la (New York State Suicide Prevention Task Force) Mwa avril pase a, rezilta fòs entèvansyon yo te montre ke pousantaj swisid ansyen militè yo te pi wo anpil pase pousantaj moun ki pa ansyen militè yo. Gen yon sijè komen nan rapò nasyonal ak eta a alafwa, se pwoblèm done a. Done kounye yo pa egzag epi yo enkonplè ki kache kapasite pou konprann pwoblèm nan antyèman. Lwa sa ap ede amelyore metòd done siveyans swisid yo pou reyini plis enfòmasyon sou pousantaj swisid ansyen militè yo.

Senatè Eta a, John E. Brooks te deklare, "Nou konnen ke pousantaj swisid pami ansyen militè yo pi wo anpil pase moun ki pa militè yo epi jika kounye a, pwoblèm pou rapòte done yo pa t egzak epi yo enkonplè. Lè li siyen lejislasyon sa an lwa, Gouvènè Hochul te franchi yon gwo etap pou amelyore jan nou idantifye epi finalman abòde soufrans mantal ak emosyonèl anpil fanm ak gason ki te sèvi an inifòm. Mwen fyè dèske mwen te esponsòrizasyon pwojè lwa sa nan Sena New York la epi mwen rekonesan a Gouvènè nou an paske li bay byennèt ansyen militè atravè eta a priyorite."

Manm Asanble Pamela J. Hunter te deklare, "Antanke yon eta, nou toujou ap goumen pou sèvi ansyen militè nou yo pi byen. Byenke sèvis pou ansyen militè yo kontinye ap adapte toutotan bezwen yo ap chanje, yon bagay ki rete menm jan se pousantaj alaman swisid ansyen militè yo ki pa pwopòsyonèl pa rapò ak popilasyon jeneral la. Pwojè lwa sa asire ke y ap rapòte plis swisid ansyen militè bay Divizyon Sèvis Ansyen Militè a, k ap pèmèt nou konprann pi byen faktè ki antoure swisid ansyen militè yo epi oryante estrateji prevansyon nou yo. Mwen felisite Gouvènè Hochul dèske li siyen pwojè lwa sa ak pou devouman li pou ede ansyen militè ki nan bezwen yo."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)